# МӘМЛЕКЕТЛИК БАҒДАРЛАМАДА МЕКТЕП ҲӘМ ПЕДАГОГИКА БАҒДАРЫНДАҒЫ ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРЫНЛАРЫ МЕНЕН ИНТЕГРАЦИЯНЫ ТӘМИЙИНЛЕЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

***Пазылов А.***

*Әжинияз атындағы НМПИ, профессор, Қарақалпақстан халық муғаллими*

**Таянч сӯзлар:** стратегия, фармон, мақсад ва вазифалар, Ӯзбекистон, давлат дастури, олий таълим, педагогика, мактаб, лойиҳа, режалар, дарслик ва ӯқув қӯлланмалар, норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар.

**Ключевые слова:** стратегия, указ, цели и задачи, Узбекистан, государственная программа, высшее образование, педагогика, школа, проект, планы, учебники и учебные пособия, нормативно-правовые документы.

**Key words:** strategy, decree, goals and objectives, Uzbekistan, state program, higher education, pedagogy, school, project, plans, textbooks and teaching aids, regulatory documents.

«Өзбекстан - 2030» стратегиясын «Жаслар ҳәм бизнести қоллап-қуўатлаў жылы»нда әмелге асырыўға байланыслы мәмлекетлик бағдарлама ҳаққында Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтиң 2024-жыл 21-февраль күни ПФ-37-санлы Пәрманы жәрияланды. Пәрман 35 бәнд, 10 қосымшадан ибарат. Қосымшалардың дәслепки бесеўи әмелий тәртипте иске асырылатуғын режелер мазмунынан, ал, қалған бесеўи усы режелерди әмелге асырыўға байланыслы ислеп шығылатуғын норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң проектлери сыпатында берилген.

Бул мәмлекетлик бағдарламаның 1-қосымшасы жәми 44 мақсет ҳәм 115 ўазыйпаны, 2-қосымшасы 17 мақсет ҳәм 98 ўазыйпаны, 3-қосымшасы 12 мақсет ҳәм 33 ўазыйпаны, 4-қосымшасы 16 мақсет ҳәм 38 ўазыйпаны, 5-қосымшасы 11 мақсет ҳәм 28 ўазыйпаны, жәми 100 мақсет ҳәм 312 ўазыйпаны өз ишине алады.

Жоқарыда санап өтилген мақсет ҳәм ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын 1-қосымша бойынша 17, 2 - қосымша бойынша 23, 3-қосымша бой-

ынша 16, 4 - қосымша бойынша 35 ҳәм 5-қосымша бойынша 7, жәми 98 норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер ислеп шығылады.

Мәмлекетлик бағдарламада мектеп билимлендириў системасын реформалаў ҳәм педагогика бағдарындағы жоқары оқыў орынлары менен интеграцияны тәмийинлеўге тиккелей байланысы бар 12 мақсет, 33 ўазыйпа ҳәм ислеп шығылатуғын 4 норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер белгиленген.

Президентимиздиң бул Пәрманына муўапық берилген 1-қосымшадағы 1-мақсет «МШБ системасын жаңа басқышқа алып шығыў ҳәм балалардың толық қамрап алыныўын тәмийинлеў» деп аталады. Бул мақсетти әмелге асырыў ушын МШБ менен қамрап алыў дәрежесин 76 % ке жеткериў ҳәм ММШБ шөлкемлеринде компьютер топарларын шөлкемлестириў ўазыйпалары белгиленген.

Усы ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын белгиленген әмелий иләжларында 170 ММШБ шөлкемлеринде заманагөй билимлендириў планшетлери және сенсорлы экранлы интерактив доскалардан ибарат болған компьютер топарларын шөлкемлестириў ушын техникалар сатып алыў ислериде белгиленген.

Бизиң пикиримизше бул әмелий ис режелериниң орынланыўы мәмлекетлик ҳәм жеке меншик МШБ шөлкемлери арасындағы қамрап алыўда конкуренцияны күшейтеди. Ҳәзирдиң өзинде көпшилик ата-аналар өзлериниң ул-қызларын, ақлықларын МШБ мәкемелерин таңлап алып бериўди әдетке айландырған. Айрым, абыройы бәлентлеп баратырған жеке меншик МШБ шөлкемлерин таңлап алыў көрсеткиши күннен-күнге жоқарыламақта. Нәтийжеде ММШБ шөлкемлериде балаларды қамрап алыў ушын үгит-нәсият жумысларын ата-аналар арасында алып барыўды, қәнигелердиң өз жумысларына жан-тәни менен берилип ислеўлерине бар итибарын қаратпақта.

Улыўма билим бериў системасында «Билимлендириў ушын қолайлы орталық» бағдарламасын әмелге асырыў деп аталатуғын 2-мақсет өз ишине жаңа мектеплерди қурыў ҳәм барларын реконструкциялаў менен қатар оларда зәрүр шарт-шараятларды жаратыў, оның ушын улыўма билим бериў мектеплерин мебель, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт буйымлары ҳәм техникалық қураллар, таза ишимлик суў ҳәм мектептен алыста жайласқан оқыўшылар ушын оларды транспорт қураллары менен тәмийинлеў ўазыйпалары белгиленген.

Усы ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын 518 мектепти реконструкциялаў ҳәм 30 мектепти жаңадан қурыў арқалы 175 мың оқыўшы орнын жаратыў, мектеплерди бирлемши спорт қураллары ҳәм миллий музыка

әспаблары менен тәмийинлеў бойынша мәнзилли бағдаламалар ислеп шығылады ҳәм тастыйықланады. Мектеплердеги 2 200 гөнерген компьютер класслары жаңаланады.

Бизиң пикиримизше бул жумыслар әмелге асырылғанда оқыўшыларымыз ушын 2-3 сменада оқыўдан 1-2 сменада оқыўға мүмкиншиликлер жаратылады, компьютер ханаларының жаңаланыўы арқалы оқыўшыларымыздың информациялық технологияларға болған қызығыўшылықлары күннен-күнге артып барады, анығырағы сабақтан бос ўақытларында оқыўшылардың мектеп компьютер ханаларында жумыс ислеў мүмкиншиликлери артады.

Улыўма орта билимлендириў системасын жаңа басқышқа алып шығыў деп аталған 3-мақсетти әмелге асырыў ушын Улыўма орта билимлендириў мектеплери оқыўшыларын улыўмаинсанықйлық ҳәм миллий қәдриятлар, Ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаў, оларда коммуникатив көнликпелер, критикалық ҳәм креатив пикирлеў, биргеликте ислесиў, шөлкемлестириўшилик көнликпелерин қәлиплестириўге бағдарланған тәлим бағдарламаларын әмелиятқа ен жайдырыў ўазыйпасы биринши нәўбетте белгиленген. Бүгинги күнде баслаўыш классларда тәлим-тәрбия процесси 4К-МОДЕЛИ бойынша өзиниң искерлигин баслады. Булар: 1К – коммуникация; 2 К - критикалық пикирлеў; 3К – коллаборация ҳәм 4К – креативлик болып есапланады.

Бизиң пикиримизше бүгинги күнниң сабақлықлары да усы модель бойынша жаратылыў процесинде. Бирақ бул компетенцияларды қәлимлестириўде оқытыўшыларға методикалық жәрдемлер, анық методикалар менен тәмийинлеў ислери талап етиледи. Қәнигелигин жетилистириў курсларында муғаллимлердиң оқыўшыларда бул компетенцияларды қәлиплестириўге қаратылған жаңа методикаларды тиккелей әмелиятта қоллаў көнликпелерин қәлиплестириўге қаратылған тәлим парадигмасына әмел етиў талап етиледи.

Сондай-ақ, 3-мақсетти әмелге асырыўда Улыўма орта билимлендириў мектеплеринде оқыўшылар билимин баҳалаўдың жаңа тәртибин ен жайдырыў ҳәм екинши шет тилине кәсипкерлерди үйретиў мәселесиде ўазыйпа сыпатында белгиленген.

Бизиң пикиримизше жаңа билимлерди баҳалаўда жәҳән аренасында қәбыл етилген ПИЗА, ПИРЗ халықаралық бағдарламаларына сәйкес түрде тапсырмалар системасының жаратылыўы талап етиледи. Демек, сабақлықлардың мазмунында да оқыўшылардың 4 К компетецияларын баҳалаўға қаратылган жаңа мазмундағы тапсырмалардын киритилиўи нә-

зерде тутылған болыўы керек. Бунын ушын, әлбетте, сабақлықлардың жаратылыўында ҳақыйқый мектеп турмысынан хабардар болған мектептеги муғаллим менен илимпаздың биргеликте ислесиўи, ЖОО лары қанигелери саналған илимпазлардың пикирлери есапқа алыныўы керек.

Бирақ негедур баслаўыш класс оқыўшыларына арналған сабақлықларда баслаўыш билим бериў методикасы менен тиккелей шуғылланыўшы, ямаса басқада пән тараўларын оқытыў методикалары менен шуғылланыўшы илимпазлар дыққаттан шетте қалып қояды. Нәтийжеде шығарылып атырған сабақлықлар ямаса аўдарма жасалған сабақлықлар бирқанша қәте-кемшиликлер менен оқыўшыларға усыныс етиледи. Бундай унамсыз көринислер жақын күнлерде сапластырылмаса мектеп пенен ЖОО интеграциясы жетерли дәрежеде әмелге асырылмай қалады. Сонлықтан, мен сабақлық ҳәм оқыў қолланбаларды жаратыў мәселесинде ЖОО арнаўлы кафедраларының жетекши профессор-оқытыўшылары менен биргеликте жумыс алып барыўлардың нәтийжелилиги жоқары болады деп есаплайман.

Жәнеде, усы орында айтып өтиў орынлы деп есаплайман, қарақалпақларда «Көрпеңе қарап аяқ сөз» деген даналық гәп бар. Бул гәп жүдә орынлы айтылған. Пединститут студентлериниң педагогикалық әмелиятқа шығыўлары, ҳәптеде 2 күн улыўма орта билимлендириў мектеплеринде болыўлары унамлы қубылыс. Бул көринис әмелиятқа Финляндия тәжирийбеси деп киритилди. Бирақ, өзлери 2-3 сменаға зорға сыйып оқып атырған мектеплерге көплеген практикантлардың барыўын, олар ушын отыратуғын орын болмағанлықтан оқыўшылардың артында тикейип турыўларын, олар ушын жетиспеўшилик себепли арнаўлы бөлмелердиң ажыратып берилмеўин, нәйлажлықтан коридорларда сандалып жүриўлерин ким унамлы қубылыс деп есаплай алады?

Биз әмелият мәселесин бундай өттиме-өтти деген тақылетте алып барыўды тоқтатқанымыз, буның ушын жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновациялар министрлиги тийислисинше студентлергеде, профессор - оқытыўшыларғада қолайлы болған бир жуўмаққа келгени орынлы болады деп есаплаймыз.

Педагог кадрлардың статусын арттырыў, олардың билими ҳәм көнликпелерин халқаралық стандартларға муўапықластырыў деп аталыўшы 4-мақсетти әмелге асырыўда педагогларды шет мәмлекетлерде қәнигелигин арттырыў ҳәм стажировкаларға жибериў, педагоглар хызметиниң нәтийжелилигин арттырыў ўазыйпалары белгиленген. Бул ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын тастыйықланған реже тийкарында 100 мәмлекетлик

улыўма орта билимлендириў шөлкемлериниң педагоглары шет мәмлекетлерге қәнигелигин арттырыў ямаса стажировкаларға таңлап алыў тийкарында жибериледи. Буның ушын «Ел-журт үмити» жамғармасы көмегинен пайдаланады.

Жоқарыда атап өтилген мақсетти әмелге асырыўда МШБ шөлкемлеринде жумыс ислеп атырған тәрбияшы-педагог кадрларды психологиялық методика ҳәм тестлер арқалы таңлап алыў механизмлерин ислеп шығып, оларды әмелге асырыў бойынша усынıслар киритиўде нәзерде тутылған. Усы көрсетпеге муўапық бизиң усынысымыз:

Ҳәр қандай тест өтилген сабақлар, яғный берилген мағлыўматлар шеңберинде дүзилиўи керек. Ҳеш қандай сабақ өтилместен туўрыдан туўры келип, өзи қәлеген сораўларын тестлерге киритип тәрбияшы-педагогларды қыйын аўҳалға түсириў наинсаплық болады. Егер бизиң усынысымыз есапқа алынатуғын болса тәрбияшы-педагоглар хызметин - баҳалаўдың тест усылын әмелияттан шығарып таслаў. Себеби, тәрбияшы-педагог жаңалықларды ийелеген болса, оның баҳасы тест пенен өлшенбейди. Оның баҳасы, олардың әмелиятта сол жаңалықты қалай пайдаланғанлығы менен өлшенеди.

Жасыратуғыны жоқ бизде тек ғана мектеп пенен жоқары оқыў орынлары арасында интеграция жоқ емес, ал, “мәҳәлле, мектеп, техникум, жоқары оқыў орны ҳәм жумыс бериўшилер ортасында да өз-ара интеграция жетерли дәрежеде емес.

ЖООларында кадрлар таярлаў ҳәзирги күнде жумыс бериўшиниң талапларына сәйкес келе бермейди. Сабақлықлар, оқыў қолланбалары ҳәм басқа да әдебиятлар жетиспейди. Әсиресе көзи әззи ҳәм соқыр студентлердиң оқып, билимлерин жетилистириўи ушын бизиң институтымыздың өзинде оларға арналған сабақлықлар жоқ. Олар тек ғана сабаққа келеди, Айрымлары лекцияны диктофонға жазып алады, айрымлары жазып ала алмайды. Демек, бундай айрықша жәрдемге мүтәж балалар оқыўға кирген екен, оларды оқыў әдебиятлар менен тәмийинлеў мәселеси әлле қашан шешилиўи керек еди. Тилекке қарсы тек олар емес, ал, көзи саў адамларды тийисли әдебиятлар менен тәмийинлеў мәселесиде қыйыншылық туўдырып атыр. Бул ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын министрлик тәрепинен еледе болса көбирек унамлы шешимлер қабыл етиледи деген үмиттемиз.

Жуўмақлап айтқанда жоқарыда баян етилген мәмлекетлик бағдарламаның билимлендириўге байланыслы болған мақсет ҳәм ўазыйпаларын, усы ўазыйпаларды әмелге асырыўға байланыслы болған Жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновациялар министрлиги коллегия қарарын инабат-

лы түрде әмелге асырсақ, әсиресе айрым тараўлар бойынша бизиң берген гейпара усынысларымызда инабатқа алынса Мәмлекетлик бағдарламада мектеп билимлендириў системасын реформалаў ҳәм педагогика бағдарындағы жоқары оқыў орынлары менен интеграцияны тәмийинлеў ислери сөзсиз жетилистириледи.

**Әдебиятлар:**

1. «Өзбекстан - 2030» стратегиясын «Жаслар ҳәм бизнести қоллап-қуўатлаў жылы»нда әмелге асырыўға байланыслы мәмлекетлик бағдарлама ҳаққында Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтиң 2024-жыл 21-февраль күни ПФ-37-санлы Пәрманы.

2. Ta’lim to‘g‘risida. O‘zbekiston Respublikasining Qonuni. – T.: O‘zbekiston, 2020.

3.O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022-yil 28-yanvarldagi “2022- 2026 yillarga mo‘ljallangan Yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi to‘g‘risida”gi PF-60-son Farmoni. https://lex.uz/uz/docs/-5841063

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада давлат дастурида мактаб ва педагогика йўналишидаги олий таълим муассасалари билан интеграцияни таъминлаш масалалари тўғрисида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматриваются вопросы обеспечения интеграции со школами и высшими учебными заведениями в государственной программе.

**SUMMARY**

This article discusses the issues of ensuring integration with schools and higher educational institutions in the state program.